## *АПОСТОЛ ИУАН ЯТЮНЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР*

### ШIуфэс ехыныр

Сэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм сащыщэу,* Тхьэм о къыхихыгъэ гощэ лъапIэу ыкIи уибынхэу* шъыпкъагъэкIэ шIу слъэгъухэрэм мы тхылъыр къышъуфэсэтхы. Шъо шIу шъузылъэгъурэр сэ сизакъоп, шъыпкъагъэр зэзыгъэшIэгъэ пстэуми шIу шъуалъэгъу. [2]Шъыпкъагъэу тыгухэм арылъэу, егъашIэми илъыщтым къыхэкIыкIэ шъо шIу шъутэлъэгъу.
[3]Тхьэу Ты лъапIэмрэ Ты лъапIэм Ыкъоу Зиусхьанэу Исус Христосрэ тэ шъыпкъагъэр зышIэхэрэми шIу зэрэлъэгъухэрэми анэшIу къытщафэщт, гукIэгъуныгъэшхуи къытфашIыщт, гупсэфыныгъи къытатыщт.

### Шъыпкъагъэмрэ шIулъэгъуныгъэмрэ

[4]Ты лъапIэм къытфишIыгъэ унашъом фэдэу, уибынхэм ащыщэу куп шъыпкъагъэм тетэу зекIохэу зысэлъэгъум, лъэшэу сыгушIуагъ. [5]Джы гощэ лъапI, сыо-

1 Сэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм сащыщэу – еплъ Якъубэ 5:14.

1 о гощэ лъапIэмрэ уибынхэмрэ – чылыс зэIукIэмрэ чылыс зэIукIэм щыщхэмрэ арын фае.

лъэIу: ПIIу тызэрэжъугъэлъэгъу. Ар унэшъуакIэм фэдэу
къыпфэстхырэп, ар апэм къыщегъэжьагъэу тиIэгъэ унашъоу щыт.
6 ШIулъэгъуныгъэу зыфасIорэр Тхьэм иунашъохэм татетэу
тызекIоныр ары. Апэм къыщегъэжьагъэу зэхэшъухыгъэ унашъор
шIулъэгъуныгъэм шъутетэу шъузэрэзекIорэр ары.
7 Исус Христос дунаем цIыфэу къызэрэкIуагъэр зымыдэрэ
цIыфыбэу нэмыкI цIыфхэр зыгъапцIэхэрэр дунаем
къыщылъэгъуагъэх. Ащ фэдэ цIыфхэр гъэпцIакIохэу ыкIи
Антихристосхэу щытых. 8 Iофэу къэжъугъэхъагъэр
шъумыгъэкIодэу, шъуиIэхьышIу икъугъэу жъугъотыжьыным пае,
шъузфэсакъыжь. 9 Хэти Христос тигъэшIэгъэ Iофхэм атемыт
зэпытэу, атекIырэ цIыфым ыгу Тхьэр илъэп, ау Христос
тигъэшIэгъэ Iофхэм атет зэпытым ыгу Ты лъапIэри Къо лъапIэри
илъых. 10 Шъуадэжь зыгорэ къакIоу, Исус тигъэшIэгъэ Iофхэм
атемытэу шъуигъашIэмэ, ар шъуиунэ къишъумыгъахь, шIуфэси
ешъумых. 11 Сыда пIомэ ащ шIуфэс езыхырэр ащ ибзэджэшIагъэ-
хэмкIи игъусэу щыт.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

12 Джыри къышъуфэстхынэу сиIэр бэ, ау тхылъыпIэрэ мэрчэп
къамзийрэкIэ стхынэу сыфаеп. Ау тигушIуагъо икъугъэу хъуным
пае, шъуадэжь сыкъэкIонышъ, тызэдэтIысэу тызэдэгущыIэным
сыщэгугъы.
13 Пшыпхъоу Тхьэм къыхихыгъэм ибынхэм* шIуфэс
къыуахыжьы. Амин.

13 Пшыпхъоу Тхьэм къыхихыгъэм ибынхэр – мы тхылъыр зытхыгъэр чылыс зэIукIэу зыщыщым ицIыфхэр арын фае.